

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Tatar Sunda kasohor ku kajembaran budayana. Budaya anu kalintang lobana téh sasatna ngaleuya di tatar Sunda dina wengkuhan adat-istiadat, sistem kapercayaan, sistem pangaweruh, basa, kasenian, jeung sajabana. Éta budaya téh dihasilkeun ku masarakat Sunda sacara turun-tumurun, ti karuhun ka incu buyutna nepi jaman kiwari.

Kasenian minangka salah sahiji unsur kabudayaan, raket patalina jeung kapercayaan, anu fungsina minangka média ritual. Liat ti éta, kasenian ogé dipaké pikeun sarana hiburan jeung sarana pikeun média éksprési. Kasenian salaku ébréhan kréativitas manusa téh salah sahijina kasenian penca silat. Penca silat mangrupa bagian tina cabang olahraga béla diri, sarta mangrupa budaya anu diwariskeun ti para karuhun. Nurutkeun Mulyana (2014, kc. 87), penca silat minangka réfléksi tina ajén-inajén budaya masarakat, nya éta sistem budaya anu dipangaruhan ku alam sabudeureun, sarta teu bisa dipisahkeun tina aktivitas manusa. Penca silat mangrupa salah sahiji warisan budaya Indonesia anu kudu dimumulé, lantaran penca silat mangrupa salah sahiji alat *pemersatu* bangsa jeung idéntitas bangsa Indonesia.

Élmu béla diri penca silat mekar tina kaparigelan étnis asli Indonésia pikeun ngabéla diri atawa perang kalawan ngagunakeun pakarang tradisional saperti arit, bedog, jeung tumbak (Kumaidah, 2001, kc. 2). Di tatar Sunda, istilah penca aya dina manuskrip *Sanghyang Siksa Kanda ng Karesian*, kidung Sunda ngeunaan tragédi perang Bubat (1346 M), Dyah Pitaloka jeung ramana Prabu Maharaja Linggabuana Wisesa sarta ibu Retna Lisning anu tiwas dina peperangan lantaran teu saimbang jumlahna ngalawan pasukan karajaan Majapahit. Éta hal katitén tina eusi manuskrip *Sanghyang Siksa Kanda ng Karesian* anu unina “*puluh puluh rombongan heunteu kaitung, tujuh rupa penca, anu ulin pakarang baé, lain deui bangsa, serimpi bedaya*”. (Manglé, no. 2579, 2016, kc. 6).

Siti Rohmah Hidayatul Munawaroh, 2018

**KASENIAN PENCA SILAT SERA DI SANGGAR PUSAKA KARUHUN KAMPUNG
PABUARAN DÉSA CIKOPOMAYAK KECAMATAN JASINGA KABUPATÉN
BOGOR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu

Nurutkeun Kurnia, & Nalan (2003, kc. 103), di tatar Sunda, seni penca silat teu leupas tina pirigan musik kendang penca. Unggal pintonan, musik anu has dipaénkeun ku hiji *ensembel*, nya éta aya dua kendang gedé (kendang indung jeung kendang anak atawa panuluy), opat kendang leutik (kulantér), tarompét, jeung goong leutik (kempul). Unikna di tatar Sunda, unggal pintonan penca silat seni ngagunakeun kendang penca anu sarua, sok sanajan mintonkeun jurus-jurus anu béda ti aliran-aliran anu béda, lantaran kendang penca miboga lalakon penting minangka pangrojong gerakan penca. Ku lantaran kitu, ibing penca mindeng disebut ogé pintonan kendang penca. Nurutkeun Supriyanto (2009, kc. 8), seni dina penca silat mirip jeung tari tradisi, nya éta (1) wanda seni *gerak* anu ngirut jeung éndah; (2) miboga aspék seni, olahraga, jeung spiritual; (3) struktur komposisina saajar; jeung (4) wanda gerakan anu digunakeunana nyoko kana istilah ti alam sabudeureun, saperti ngaran-ngaran sato jeung tutuwuhan.

Jaman kiwari aya kénéh komunitas masarakat anu ngamumulé tradisi karuhunna, saperti kasenian penca silat Sera anu mangrupa kasenian asli ti Kabupatén Bogor. Penca silat Sera mangrupa aliran silat tradisional anu asalna ti wewengkon Jasinga. Nurutkeun sababaraha sumber, salah sahiji tempat anu pangheulana ngamekarkeun tur ngamumulé kasenian penca silat Sera nya éta di Sanggar Pusaka Karuhun, anu diadegkeun ku Abah Jamhani taun 1956. Anu jadi ciri has tina penca silat Sera nya éta gerakanana anu licik jeung kelid, nya éta malikkeun *serangan* lawan nepi ka lawanna teu bisa *nyerang* deui. Penca silat Sera mibanda ajén-inajén, saperti ajén falsafah kahirupan jeung ajén éstétis. Ajén falsafah kahirupan anu nyampak dina penca silat Sera saperti falsafah *budi pekerti* anu nuduhkeun kawani, kumaha ngagunakeun élmu penca silat, sarta sikep jeung paripolah anu hadé pikeun saurang pesilat. Ajén éstétis dina penca silat Sera saperti kaéndahan gerakan-gerakan anu dipintonkeunana dipirig ku waditra. Penca silat Sera ogé mibanda unsur tanda (sémiotik) anu nyangkaruk di jerona.

Saupama dipaluruh nepi ka intina mah unsur sémiotik téh bisa ngaguar ngeunaan unsur-unsur anu aya dina penca silat, saperti sasajén nalika mintonkeun penca silat, pakakas anu digunakeun, raksukan anu **Siti Rohmah Hidayatul Munawaroh, 2018**

KASENIAN PENCA SILAT SERA DI SANGGAR PUSAKA KARUHUN KAMPUNG PABUARAN DÉSA CIKOPOMAYAK KECAMATAN JASINGA KABUPATÉN BOGOR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu

dipaké, waditra, jeung gerakan. Nurutkeun Van Zoest & Soekowati (dina Isnendes 2010, kc. 95), sémiotik hartina élmuning tanda. Tanda hartina hiji hal anu ngawakilan hal séjén. Jadi, sémiotik téh élmu anu nalungtik sagala rupa minangka wawakil hal séjénna. Dumasar kana objékna, Peirce (Pateda dina Sobur, 2013, kc. 41), ngabagi tanda jadi tilu, nya éta *icon* (ikon), *index* (indéks), jeung *symbol* (simbol).

Aya sababaraha hal anu jadi cukup lantaran ieu panalungtikan dilaksanakeun, nya éta sangkan masarakat Sunda leuwih mikawanoh deui kana ieu kasenian anu tangtuna miboga tujuan nya éta élmu jeung seni budaya penca silat jadi kasenian anu kawéntar sarta ngahasilkeun regenerasi anu micinta kana budaya, miboga fungsi jeung mangpaat saperti olahraga pikeun kaséhatan jasmani, miboga simbol saperti unsur pangwangun ieu kasenian anu miboga ma'na di jerona, jeung ajén-inajén kahirupan anu nyangkaruk di jerona saperti ajén moral anu nuduhkeun sikep jeung paripolah hadé dina kahirupan. Ieu panalungtikan salaku tarékah pikeun ngawanohkeun deui, lantaran kiwari kasenian penca silat téh geus jarang dipintonkeun dina acara-acara kamasarakatan. Utamana pikeun ngamumulé salah sahiji budaya titinggal karuhun.

Tarékah pikeun ngawanohkeun kasenian penca silat Sera bisa ngaliwatan média pangajaran di sakola, salah sahijina ngaliwatan pangajaran maca artikel. Sakumaha anu katitén dina KIKD (Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar) taun 2017 mata pelajaran basa Sunda kelas XII SMA/SMK/MA, aya matéri ngeunaan artikel. KIKD mata pelajaran basa Sunda mangrupa program pikeun mekarkeun pangaweruh, kaparigelan basa, jeung sikep positif kana basa jeung sastra Sunda. Ku lantaran kitu, pangaweruh ngeunaan kasenian penca silat Sera bisa dicangking ngaliwatan pangajaran maca artikel basa Sunda di SMA kelas XII.

Nurutkeun Mulyana (2014, kc. 88), matéri pangajaran penca silat anu ditepikeun patali jeung tumuwuhna ajén-ajén moral siswa, nya éta: (1) ajén étis, ngawengku sikep jeung sipat tanggung jawab, miboga rasa solidaritas, kajujuran, jeung kaadilan; (2) ajén téhnik, ngawengku sikep jeung sipat ksatria, ngagunakeun élmu béla dirina kalawan bener, ngajauhkeun diri tina sikep adigung, jeung ngajauhkeun diri tina rasa

Siti Rohmah Hidayatul Munawaroh, 2018

KASENIAN PENCA SILAT SERA DI SANGGAR PUSAKA KARUHUN KAMPUNG PABUARAN DÉSA CIKOPOMAYAK KECAMATAN JASINGA KABUPATÉN BOGOR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu

dengdem; (3) ajén éstétis, ngawengku sikep jeung sipat micinta budaya bangsa, lantaran penca silat minangka budaya bangsa anu niboga ajén luhung; (4) ajén atletis, ngawengku sikep jeung sipat disiplin jeung ngajungjung sportifitas.

Panalungtikan ngeunaan kasenian penca silat anu kungsi dilaksanakeun, di antarana: “Ajén Éstétis dina Kasenian Penca Silat Maénpo Cikalong Padépokan Maénpo Cikalong di Kampung Warujajar Kelurahan Solokpandan Kecamatan Cianjur Kabupatén Cianjur pikeun Bahan Pangajaran Maca Bahasan Kasenian di SMA Kelas XII” ku Nistia Mawarni Fawzia taun 2015; “Éstétis dina Kasenian Penca Silat TPA Guron Mekar Pusaka Wangi di Kelurahan Geger Kalong Kecamatan Sukasari Kota Bandung pikeun Bahan Pangajaran Maca Bahasan di SMA Kelas XII” ku Firman Sidik taun 2017; “Ajén Éstétis dina Kasenian Penca Silat Cakar Kumbang Kencana di Kampung Nyingkir Désa Cihideung Kecamatan Parongpong Kabupatén Bandung Barat pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA Kelas XII” ku Tiya Komalasari taun 2013; “Struktur jeung Ajén Éstétis dina Kasenian Penca Silat Paguron Pusaka Mekar Putri Domas Désa Cikahuripan Kecamatan Lembang Kabupatén Bandung Barat pikeun Bahan Pangajaran Maca Bahasan di SMA Kelas XII” ku Riyani Sukmana taun 2016.

Panalungtikan anu disebutkeun di luhur sarua medar ngeunaan penca silat, tapi can aya anu nalungtik ngeunaan penca silat Sera di Sanggar Pusaka Karuhun ditilik tina ulikan sémiotikna, anu hasilna dilarapkeun pikeun bahan pangajaran maca artikel. Ku lantaran kitu, panalungtikan ngeunaan “Kasenian Penca Silat Sera di Sanggar Pusaka Karuhun Kampung Pabuaran Désa Cikopomayak Kecamatan Jasinga Kabupatén Bogor pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel di SMA Kelas XII (Ulikan Sémiotik)” perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun saperti ieu di handap.

Siti Rohmah Hidayatul Munawaroh, 2018

KASENIAN PENCA SILAT SERA DI SANGGAR PUSAKA KARUHUN KAMPUNG PABUARAN DÉSA CIKOPOMAYAK KECAMATAN JASINGA KABUPATÉN BOGOR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu

- 1) Kumaha déskripsi penca silat Sera di Sanggar Pusaka Karuhun Kampung Pabuaran Désa Cikopomayak Kecamatan Jasinga Kabupatén Bogor?
- 2) Naon waé unsur sémiotik anu nyangkaruk dina kasenian penca silat Sera di Sanggar Pusaka Karuhun Kampung Pabuaran Désa Cikopomayak Kecamatan Jasinga Kabupatén Bogor?
- 3) Kumaha larapna penca silat Sera jadi bahan pangajaran maca artikel di SMA kelas XII?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngawengku dua tujuan, nya éta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, tujuan ieu panalungtikan nya éta pikeun ngaguar unsur semiotik dina kasenian penca silat Sera, salaku salah sahiji budaya anu dipimilik ku masarakat tatar Sunda, dilarapkeun jadi bahan pangajaran maca artikel di SMA kelas XII.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun sawatara hal anu ditétélakeun di handap.

- 1) Ngadéskripsikeun penca silat Sera di Sanggar Pusaka Karuhun Kampung Pabuaran Désa Cikopomayak Kecamatan Jasinga Kabupatén Bogor.
- 2) Ngaguar unsur sémiotik anu nyangkaruk dina kasenian penca silat Sera di Sanggar Pusaka Karuhun Kampung Pabuaran Désa Cikopomayak Kecamatan Jasinga Kabupatén Bogor.
- 3) Ngalarapkeun hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca artikel di SMA kelas XII.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Siti Rohmah Hidayatul Munawaroh, 2018

KASENIAN PENCA SILAT SERA DI SANGGAR PUSAKA KARUHUN KAMPUNG PABUARAN DÉSA CIKOPOMAYAK KECAMATAN JASINGA KABUPATÉN BOGOR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |

perpustakaan.upi.edu

Ieu panalungtikan ngawengku opat mangpaat, nya éta mangpaat tioritis, mangpaat praktis, mangpaat tina segi kawijakan, jeung mangpaat tina segi isu sarta aksi sosial.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara téoritis, mangpaat tina ieu panalungtikan nya éta pikeun nambahan jeung mekarkeun élmu pangaweruh ngeunaan kasenian dina kabudayaan Sunda anu can loba dipikanyaho, ogé salaku bahan atawa sumber acuan pikeun panalungtikan kahareupna.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, dipiharep ieu panalungtikan miboga sababaraha mangpaat, saperti ditétélakeun di handap.

1) Mangpaat pikeun Guru

Nambahan référénsi jeung bisa jadi alternatif pikeun guru milih jeung nangtukeun bahan pangajaran maca artikel di SMA kelas XII. Ieu panalungtikan minangka hiji tarékah guru basa Sunda pikeun ngawanohkeun jeung ngamumulé kabudayaan anu aya di tatar Sunda.

2) Mangpaat pikeun Siswa

Minangka tarékah pikeun siswa sangkan mikawanoh jeung ngamumulé kabudayaan anu aya di tatar Sunda, ngaliwatan pangajaran maca artikel basa Sunda.

3) Mangpaat pikeun Panalungtik

Ieu panalungtikan bisa méré pangaweruh jeung pangalaman ka panalungtik salaku calon pendidik, sarta ngalatih panalungtik milih jeung nangtukeun bahan pangajaran.

1.4.3 Mangpaat tina Segi Kawijakan

Ieu panalungtikan dipiharep bisa mangpaat pikeun nambahan référénsi ngeunaan kabudayaan anu aya di tatar Sunda, hususna ngeunaan kasenian penca silat Sera ditilik tina unsur sémiotikna.

1.5 Raraga Tulisan

Siti Rohmah Hidayatul Munawaroh, 2018

KASENIAN PENCA SILAT SERA DI SANGGAR PUSAKA KARUHUN KAMPUNG PABUARAN DÉSA CIKOPOMAYAK KECAMATAN JASINGA KABUPATEN BOGOR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu

Raraga ieu panalungtikan nya éta dimimitian ku judul, ngaran jeung kalungguhan tim pangaping, *pernyataan* ngeunaan kaaslian skripsi, pangajap, catur nuhun, abstrak, daptar eusi, daptar tabél, daptar bagan, daptar grafik, daptar lampiran jeung daptar singgetan.

Ieu skripsi ngawengku lima bab.

BAB I Bubuka

Bab I medar ngeunaan kasang tukang, rumusan masalah, tujuan, mangpaat, jeung sistematika tulisan.

BAB II Ulikan Pustaka, Panalungtikan Saméméhna, jeung Raraga Mikir

Bab II medar ngeunaan kasenian penca silat Sera, sémiotik, bahan pangajaran maca artikel, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

BAB III Méthode Panalungtikan

Bab III medar ngeunaan méthode panalungtikan, sumber panalungtikan, lokasi panalungtikan, subjék panalungtikan, desain panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

BAB IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran

Bab IV medar ngeunaan déskripsi penca silat Sera. Hasil analisis data ngagunakeun ulikan sémiotik dina kasenian penca silat Sera anu aya di Sanggar Pusaka Karuhun, sarta larapna jadi bahan pangajaran maca artikel di SMA kelas XII.

BAB V Panutup

Bab V mangrupa bab pamungkas anu eusina kacindekkan hasil panalungtikan, implikasi, jeung rékoméndasi.

Siti Rohmah Hidayatul Munawaroh, 2018

KASENIAN PENCA SILAT SERA DI SANGGAR PUSAKA KARUHUN KAMPUNG PABUARAN DÉSA CIKOPOMAYAK KECAMATAN JASINGA KABUPATEN BOGOR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu